



# DWÒG TRANQ:

## Xylazine nan Apwovizyonman Dwòg la



### "TRANQ" se tèm jagon yo itilize pou opyoyid ki melanje ak xylazine

Xylazine se yon kalman pou bèt ki pa jwenn apwobasyon pou yo itilize l lakay moun.

- Xylazine PA yon opyoyid donk li pa reyaji ak nalokzòn (naloxone, Narcan)
- Ou t a dwe toujou bay nalokzòn si yon moun ap fè yon òvèdoz paske li ap envèse efè nenpòt òvèdoz opyoyid

### KIJAN XYLAZINE FÈ W SANTI W?

Ou ka santi efè xylazine yo 1-2 minit apre w fin konsome l. Efè yo ka dire 4 èd tan e +.

- Kalman ki lou, kout tèt ki pati twò fò, espesyalman pandan premye 20-30 minit apre itilizasyon an
- Diminisyon frekans kadyak, tansyon, ak frekans respirasyon
- Bouch sèch
- **Ilsè po** — blesi ki laj, grav epi ki difisil pou geri, po a ka nwasi epi mouri
- Sansasyon vètij, fatig, feblès oswa konfizyon ki koze pa yon chit rapid glisemi ak yon posibilite anemi.

### LANMÒ OVÈDOZ XYLAZINE KOZE NAN CHICAGO

2019	21
2020	23
2021	89
2022	112

*SOUS: Done pwovizwa sou moun ki mouri nan Chicago ak xylazine kòm kòz prensipal, ki soti nan Pòtay Done Ouvè (Open Data Portal) Medsen Lejis Konte Cook la. Done apati 15 mas 2023 epi yo ka chanje.*

### Itilizasyon Xylazine ka koze blesi po grav ki ka mande swen blesi ki konplike:

- Ka vin gwo epi gen po ak tisi ki mouri
- Ka nan sifas ki asosye ak piki, nan sifas ki pa asosye ak piki, ak lakay moun ki pa enjekte tèt yo ditou (yo souvan jwenn yo nan janm, avanbra)
- Pa kontajye, men ka vin sa
- Pa geri byen oswa rapid

### Ki jan pou jere blesi ki asosye ak itilizasyon xylazine:

- Si sa posib, redui oswa sispann itilize xylazine
- Pa grate po a
- Kenbe blesi yo pi pwòp posib avèk savon epi dlo
- Ale kay ton doktè san pèdi tan



# DWÒG TRANQ:

Xylazine nan Apwovizyonman Dwòg la



## KOTE YO JWENN XYLOZINE?

Yo jwenn pifò xylazine yo nan dwòg ak/oswa nan apwovizyonman opyoyid yo an jeneral, men gen rapò sou òvèdoz fatal ki enplike xylazine ak kokayin, metanfetamin, ak benzodyazepin

## Kisa ki dwe fèt nan ka yon òvèdoz ki lye ak xylazine?

- Bay nalokzòn REMAK: xylazine PA reyaji ak nalokzòn (Narcen), men li enpòtan pou bay nalokzòn pou envèse efè opioid ki enplike nan òvèdoz la.
- Rele 911
- Mete yon moun nan pozisyon rekiperasyon, eseye libere vwa respiratwa a
- Si w konfòtab, eseye pratike respirasyon atifisyèl

*Pa gen okenn antidòt pou xylazine ki apwouve pou itilize lakay moun.*

## Resous

- Pou nalokzòn (Narcen) gratis, vizite nenpòt Bibliyotèk Piblik ki nan Chicago [bit.ly/FindNarcen](http://bit.ly/FindNarcen)
- Pou w jwenn founiti gratis ki ofri yon itilizasyon ki pi sekirize e ki gen pami yo sereng, ekipman pou rale dwòg nan nen, ekipman pou fimen, ekipman pou teste fentanil, tès VIH ak Epatit-C, ak nalokzòn (Narcen) nan nen/EM (Entramiskilè), kontakte Chicago Recovery Alliance: **(773) 367-3771**
- Pou tretman imedya twoub ki lye ak itilizasyon opyoyid ki disponib pou tout moun (asirans, kat idantite, oswa dokiman pa nesèsè) **RELE 833-234-6343** epi mande pou **MAR NOW** Sèvis sa a disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 epi yo bay sèvis transpò.
- Email [osu.cdph@cityofchicago.org](mailto:osu.cdph@cityofchicago.org) pou jwenn ekipman pou tès fentanil ak Narcen.

**REMAK:** sevraj xylazine lan ka dire plizyè jou jiska plizyè semèn, epi sentòm prensipal la se anksyete grav